

Direktiv: Pou konplete fòmilè sa a, ranpli tout pati ki vid anba an, ikonpri prèv siyifikasyon/asiyasyon an, ki sètifye ke ou pral bay Depatman Sekirite Enteryè Etazini (Department of Homeland Security - DHS) yon kopi fòmilè an. Apre ou fin ranpli espas vid yo epi ou siyen e deklarasyon an e prèv asiayasyon an, ou fèt pou ou soumèt fòmilè an swa anliy, swa an pèsòn, swa palapòs. Si wap soumèt li anliy, fè sa nan Pòtay Repondan nan <https://respondentaccess.eoir.justice.gov/ht>. Avoka ak reprezantan plèman akredite kap soumèt fòm sa a anliy fèt pou ou soumèt li nan Pòtay Ka <https://portal.eoir.justice.gov>. Si wap soumèt palapòs, siy direktiv lapòs nan Paj 2. Fò ou soumèt yon kopi separe de fòmilè sa a pou chak moun ki gen yon ka anatan devan tribinal imigrasyon, e ki afekte pa chanjman enfòmasyon an.

Fò ke ou depoze fòmilè sa a nan tribinal imigrasyon nan lespas senk jou travay apati de lè chanjman an fèt, oubyen lè ou resevwa yon dokiman akizasyon (pa ekzanp Asiyasyon pou Konparèt) avèk kowòdone ki pa korèk. Tribinal imigrasyon an pral voye tout kourye ofisyèl (tankou avi, desizyon) nan adrès ou bay lan. Se sèlman si tribinal imigrasyon an resevwa fòmilè sa a ke li va fè nenpòt ki chanjman nesèsè nan kowòdone oubyen nan dosye EOIR lan, tribinal lan pa pral chanje kowòdone ou deske gen de enfòmasyon ki diferan nan pledwaye, nan rekèt, avèk lòt komunikasyon ak tribinal.

Si ke ou manke konparèt nan kelkeswa odyans devan jij imigrasyon apre yo te voye ba ou avi pou konparèt, ou byen yo te voye lot kourye ofisyèl ki asiye ou, oubyen yo te voye yo nan ansyen adrès ou te bay yo anvan an, DHS lan gen dwa mete ou an gadavi. Anplis tou, tribinal imigrasyon an gen dwa kondiy odyans la pandan absans ou epi li gen dwa pase lòd transfè fòse, depòtasyon, oubyen esklizyon kont ou menm. Si tribinal lan vin pase yon lòd konsa, men ki jan ou ka vin pa kalifye pou sèten tip ekzonasyon transfè fòse anba Lalwa Sou Imigrasyon e Nasyonalite:

- Si ou anba prosedi *transfè fòse*: Ou ka sibi yon lòd transfè fòse pou yon peryòd de dizan (10) apre dat dantre lòd final lan. Ou kapab tou vin pa kalifye pou depa volontè, anilasyon transfè fòse, e rektifikasyon estati oubyen chanjman estati.
- Si ou anba prosedi *depòtasyon*: Ou ka sibi yon lòd depòtasyon pou yon peryòd de senkan (5) apre dat dantre lòd final lan. Ou kapab tou vin pa kalifye pou depa volontè, sispansyon depòtasyon oubyen sispansyon depa volontè, e rektifikasyon estati oubyen chanjman estati.
- Si ou anba prosedi *esklizyon*: Yo gen dwa konsidere se tankou kòm si ou te wete aplikasyon ou te fè pou yo te admèt ou nan peyi Etazini.

Non ou – Siyati, Prenon, Non nan Mitan an, Sifiks (si li aplikab):
Name - Last, First, Middle, Suffix (if applicable):

Ninewo A ou:
A-Number:

ANSYEN adrès ak nimewo telefòn mwen te: Former Address and telephone number:	Adrès ak nimewo telefòn AKTYÈL mwen se: New address and telephone number:
Obonswen lòt moun, si genyen “In care of” other person (if any)	Obonswen lòt moun, si genyen “In care of” other person (if any)
Nimero Kay lan; Lari an; Apatman (si genyen) Number; Street; Apartment (if any)	Nimero Kay lan; Lari an; Apatman (si genyen) Number; Street; Apartment (if any)
Vil, Eta, Kòd Postal; Peyi an (si se pa Lèzetazini) City, State, and Zip Code; Country (if other than U.S.)	Vil, Eta, Kòd Postal; Peyi an (si se pa Lèzetazini) City, State, and Zip Code; Country (if other than U.S.)
Nimewo Telefòn (mete kòd peyi an si se pa Lèzetazini) Phone number (include country code if other than U.S.)	Nimewo Telefòn (mete kòd peyi an si se pa Lèzetazini) Phone number (include country code if other than U.S.)
Adrès Imel Email address	Adrès Imel Email address

Mwen deklare anba lalwa 28 U.S.C. § 1746 kap penalize mwen si mwen fè fo sèman, ke mwen se moun ki nonmen anwo an, ki gen Nimewo-A ki anwo an, e ke ransèyman ki kontni nan fòmilè sa a vre e korèk.

SIYEN LA A ➡

X _____
Siyati _____ Dat _____

PRÈV SIYIFIKASYON

Mwen, _____, te voye kopi Fòmilè Chanjman Adrès sila le, _____, bay Biwo Prensipal Konseye Legal Lapolis
(Non ou) (Dat)

Imigrasyon ak Ladwan (Office of the Principal Legal Advisor for DHS Immigration and Customs Enforcement-ICE) nan: _____

(Endike si se sèvis elektronik, imel, oubyen an pèsòn, osnon palapòs (bay Nimewo Kay lan, Lari an, Vil, Eta, Kòd Postal))

Pa la prezant siyati mwen, mwen dakò pou mwen voye yon kopi Fòmilè Chanjman Adrès lan bay Biwo Prensipal Konseye Legal Pou Lapolis Imigrasyon ak Ladwan-ICE nan adrès mwen chwazi anwo an. Mwen konprann mwen kapab bay DHS yon kopi swa anliy atravè pòtay elektronik DHS (Enskri ou nan <https://eserviceregistration.ice.gov>), osnon palapòs oubyen an pèsòn.

Pa bezwen okenn sèvis. Mwen se yon itilizatè ki anrejistre nan ECAS e ki tefè aplikasyon atravè ECAS Case Portal.

SIYEN LA A ➡

X _____
Siyati _____

DIREKTIV POU SIYIFIKASYON

1. Bay Biwo Prensipal Konseye Legal DHS ICE (DHS ICE Office of the Principal Legal Advisor -OPLA) yon kopi a travè metòd ou te spesifye nan PRÈV SIYIFIKASYON anwo an. Ou gen dwa bay kopi anliy atravè Sèvis Pòtay elektronik DHS ki nan at <https://eserviceregistration.ice.gov>. Kanta pou adrès biwo DHS ICE OPLA kote ou kapab voye kopi palapòs ousnon pote yo an pesòn, ou ka jwen sa anliy nan <https://www.ice.gov/contact/legal>. Si ou manke konfòme ou a règ sayo, sa ka fè EOIR lan rejte aplikasyon ou.
2. Pou voye fomilè an palapos bay Tribinal Imigrasyon an, pliye paj lan na liy ki make “Pliye Isit” pou adrès lan sa vizib. (**Enpotan:** Asire ou ke adrès lan vizib apre ou fin pliye paj lan)
3. Klipse oubyen agrafe fomilè ki pliye an sou kote ki ouvri an ki make “Pliye Isit.”
4. Mete kantite tenb ki nesèsè an nan kote ki make “Mete Tenb Isit.”
5. Ekri adrès lakay ou nan kote ki make “METE ADRÈS OU ISIT.”
6. Poste fomilè orijinal lan bay Tribinal Imigrasyon.

Pliye Isit

METE ADRÈS OU ISIT

Mete
Tenb
Isit

U.S. Department of Justice
Executive Office for Immigration Review
Immigration Court

Pliye Isit

Avi sou Lalwa Konfidansyalite

Se lalwa 8 U.S.C. § 1229(a)(1)(F)(ii) ak 8 C.F.R § 1003.15(d)(2) ki mande ransèyman ki nan fomilè sila pou yo sa avèti Tribinal Dapèl Imigrasyon EOIR lan lè gen nenpòt ki chanjman nan adrès oubyen nimewo telefòn. Enfòmasyon ou bay lan obligatwa. Si ou pa founi enfòmasyon yo mande an, sa ap limite notifikasyon ou ta pral resevwa e sa ka vin kreye konsekans negatif nou te mansyone anvan yo. EOIR lan kapab pataje enfòmasyon sa yo avèk lòt moun an konfòmite ak itilizasyon woutinyè aprouve jan yo esplike nan Sistèm Avi sou Dosye EOIR-001, Sistèm Jesyon Dosye ak Enfòmasyon, avèk EOIR-003, Dosye sou Mezi Disiplinè Praktisyon.

Kole Isit